# QARAQALPAQ HÁM QAZAQ XALIQ FOLKLORINDA TARIYXIY SHAXSLAR HAQQINDAǴI AŃIZLAR

**Inabat ALLAMBERGENOVA**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti,*
*qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası docenti*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15290630

***Annotaciya*** *Bul maqalada qaraqalpaq hám qazaq ańızlarınıń bir túri tariyxıy shaxslar haqqındaǵı ańızlar haqqında sóz etilgen.*
***Tayanısh sóz:*** *ańız, ápsana, qaraqalpaq, qazaq folklorı.*

***Аннотация:*** *В данной статье рассматривается один из видов каракалпакских и казахских легенд — предания, связанные с историческими личностями.*
***Ключевые слова:*** *легенда, предание, каракалпакский, казахский фольклор.*

***Abstract:*** *This article examines one of the types of Karakalpak and Kazakh legends — legends associated with historical figures.*
***Keywords:*** *legend, legend, Karakalpak, Kazakh folklore.*

Qaraqalpaq hám qazaq xalıq prozasında áyyemgi dáwirlerdegi ata-babalarımızdıń tariyxıy turmısınan dárek beretuǵın, qaraqalpaq hám qazaq xalıqların payda etiwge tiykar salǵan etnik qatlamlardıń (massaget-saklar) eposlarınan úzindiler orın alǵanlıǵı málim. Olar jeke shaxslar sıpatında tariyxıy atların qaldırǵan qaharmanlar, anıǵıraǵı, xalıq ardaqlaǵan, óz el- jurtınıń tereń húrmetine miyasar bolǵan Tumaris penen Shıraq sıyaqlı watanpárwar azamatlar.

«Tumaris» hám «Shıraq» dóretpeleri ilimiy ortalıqta massagetler eposı degen at penen málim. Biraq, olar epos dárejesinde bizge shekem jetip kele almaǵan. Tariyxshı Geradottıń «Tariyx» kitabında ahameniyler patshası Kir menen massagetlerdiń hayal patshası Tumaris aralarındaǵı áskeriy turmıslıq konflikler bayanlaw túrinde beriledi. Mazmunı hám kompoziciyası boyınsha ol xalıqlıq prozanıń ańız janrına júdá jaqın [N.M.Mallaevt: 4:53] Waqıyalar ıqsham kórkem til menen hesh qanday bórttirilmesten sóz etiledi. Olardıń kompoziciyalıq dúzilisi tómendegishe: Tumaristiń óz elin kózdiń qarashıǵınday qásterlewshi húkimdar ekenligin támiyinlew menen baslanadı. Waqıya konflikti Kirdiń massagetler elin ózine baǵındırıw niyeti menen Tumariske úyleniw oyın bildiriwi, Tumaristiń Kirdiń usınısın qabıl etpewi menen xarakterlenedi. Bunnan sońǵı basqıshlarda Kirdiń massagetlerge atlanısı, Tumaristiń balası Sparganisti sorap Tumaristiń Kirge shárt qoyıwı, al shárttiń orınlanbay Kirdiń qayta basıp alıwshılıq háreketlerin kúsheytip

jiberiwi sıyaqlı konfliktlik halatlardıń shiyelenisiw jaǵdayları júzege keledi. Waqıyanıń sheshiminde Tumaris óziniń aytqan sóziniń ústinen shıǵıp Kirdiń kesip alınǵan gellesin qan tolı meske batırıp: «Áy námárt, sen meni –urısta seni hadallıq penen jeńgen hayaldı-mákkarlıq penen ulınan ayırıp, perzent daǵında kúydirdiń, sen ómiriń boyı qanǵa toymadıń, men óz antımnıń ústinen shıǵıp seni qan menen suwǵaradım. Birewdiń eline zorlıq penen bastırıp kirgenlerdiń jazası usı!» [N.M.Mallaevt: 4:53] -deydi. Haqıyqatında da basqıshlı kompoziciya onıń dástanlıq dóretpe ekenligin ańlatıp tur. Biraq, onıń tariyxıy dáreklerdegi bayanlanıw ózgeshelikleri ańız janrınıń da talaplarına juwap beredi. Múmkin ol, dáslep tariyxta bolǵan waqıyanıń, yamasa sol waqıyalardı baslarınan keshirgen adamlardıń aytıwı menen ańızǵa aylandırılǵan, keyin sonıń tiykarında dástan (epos) payda bolǵan bolıwı kerek. Sebebi, kópshilik ańızlardıń mazmunlarınıń sońınan legendalarǵa yamasa miflerge aylanıp ketiw (Oguzxan, Shıńǵızxan haqqındaǵı ańızlar) jaǵdayları jiyi ushırasadı.

Massagetlerdiń «Shıraq» eposı haqqında da usınday pikirdemiz. Shıraq el qorǵawshı ápiwayı shopan. Ol Dari (521-484) áskerlerin joldan adastırıp pútkil armiyanı bir ózi jeńiwge erisedi [N.M.Mallaevt:4:53] . Waqıyalar isenimli, tariyxıy hádiyselerdiń sheńberinen shıǵıp ketetuǵın giperbolalıq, fantaziyalıq súwretlewler ushıraspaydı. Ol da qaharmanlıq epos sıpatında tán alınǵanı menen, waqıyanıń qısqasha bayanı retinde ańızlarǵa ılayıq mazmun alǵanlıǵın atap ótkimiz keledi. Degen menen, biz bul massagetler eposların ańız janrına jatqarıw tárepinde emespiz. Al, olardıń ańızlıq dáreginiń bar ekenligin boljaw túrinde bolsa da belgilewdi maqul kórdik.

Tariyxıy waqıyalarǵa baylanıslı ańızlardıń tariyxta bolǵan adamlardıń atı menen baylanıslı sóz etiliwiniń dáslepki úlgileri biziń eramızdan burıngı dáwirlerde (VII-IVá) payda bolıp olar fol`klorlıq dóretpelerdiń hár qıylı baǵdarda rawajlanıwına kúshli tásir jasaǵan. Ańızlıq waqıyalardıń cikllesiwi, ańızlıq qaharmanlardıń ideallastırılıwı miflik túsiniklerdi bayıtıwǵa, hár qıylı ápsanalardıń, erteklerdiń payda bolıwına qolaylı jaǵday jaratıp bergen. Mısalı, Oǵuzxan haqqındaǵı ápsanalarda ózinshe ózgertilgen (miflesken-I.A) kontekstte kóp sandaǵı faktlik maǵlıwmatlar jámlesken [Sherbak A.M:7:12] . Onda ápsanawiy qaharman eponim- Oǵuzxannıń hám onıń bekleriniń túrkiy qáwimlerdiń hám urıwlıq birlespelerdiń tutas ortalıǵındaǵı obrazları jasırınıp jatadı [Sherbak A.M:7:12]. Oǵuz tariyxta bolǵan ba, bolmaǵan ba degen soraw ele bası ashıq máselelerdiń biri. A.M.Sherbak Oǵuzdıń prototipi dep Mode xandı (b.e.sh.174-jılı ólgen), Aleksandr Makedonskiydi (b.e.sh.IV ásir),

Chingiz xandı (XIII ásir) esaplawǵa baǵdarlanǵan alımlardıń pikirlerin isenimsiz ekenligine itibar berip, Oǵuzxan haqqındaǵı ápsanalarda qanday da bir dástúrli ańız túrlerinde tariyxıy shaxstıń obrazı yaki tariyxıy shaxstıń geypara xarakterli belgileri saqlanǵan bolıwı múmkin degen pikirde toqtaydı. Bizde usı pikirge qosılamız. Sebebi, oǵuzlardıń kópshilik bólegi dáslep Sırdár`ya átirapındaǵı orınlarda jasaǵan hám VII-VIII ásirlerde túrklesken jergilikli xalıqlardan qáliplesken. Oǵuzlardıń tariyx saxnasına shıǵıw dáwiri IX-X ásirler bolıp tabıladı. Olar kóbinese Aral átirapında, Sırdár`yanıń ortańǵı hám tómengi aǵısında jáne Kaspiydiń arqa átirapındaǵı orınlarda tıǵız jámlesip jasaǵan [Qaraqalpaqstan tariyxı: 7: 99]. Tariyxta usınday iz qaldırǵan úlken qáwimlik birlespelerdiń óz ótmishin húrmetlew niyetinde ańızlıq dóretpeler qaldırmawı múmkin emes edi. «Oǵuznama» usınday ańızlardıń tikkeley tásirinde payda bolıp, Oǵuzxan-Oǵuz qáwimlerin birlestiriwshi shaxs sıpatında onıń eski totemlik túsiniklerge baylanıstırılıwı hám islam dininiń ideyaların óz mazmunına sińdiriwi burıngı ańızlıq syujetlik qatlamlarǵa ılayıqlastırıp ideallastırılǵan shaxs obrazın payda etken. Mısalı, jańa tuwılǵan bala (Oǵuz) «Ayaǵı ógizdiń ayaǵınday beli bóriniń belindey, jawırını buǵanıń jawırınıday, gewdesi ayıwdıń gewdesindesindey edi. Tula bedeniniń bárin qalıń túk basıp ketken» [Sherbak A.M:7:12] degen giperbolizmlerdi tikkeley totemlik isenimlerdiń nátiyjesi dep túsiniwimiz tiyis. Abılǵazınıń «Túrkler shejiresi» nde jańa tuwılıp atırǵan (Uguz) tilge kelip: «Áy ana, musılman bolǵıl! Eger bolmasań ólsem ólermen, seniń emshegińdi embeymen!» [Sherbak A.M:7:12] dep dawrıq saladı. Oǵuzlardıń mámleket basına keliw dáwiri Arablardıń Orta Aziyanı jawlap alǵannan keyingi dáwirler menen sáykes keledi. Arablardıń Orta Aziya xalıqların musılmanlastırıw siyasatına qarsı kúshler derlik eki ásir dawam etken. Usınday jaǵdayda alıp barılatuǵın ideologiyalıq imkaniyatlardan paydalanǵan arab siyasatshıları Oguzdı (Uǵızxandı) ol tuwılıwdan aq musılman qılıwǵa májbúr edi. Usınday usıllardan máplengen din wákilleri sol dáwirdegi kóplegen ańız- áńgimelerge islam ideyaların sińdirip jibergenligi málim. Oǵuz (Uǵızxan) antroponimi pútkil Oǵuz qáwimleriniń táǵdiyri menen baylanıslı jaǵdayda júzege kelip, olardıń erte dáwirlerden berli sanasında qáliplesip kiyatırǵan ańızlıq syujetlerdiń jámiyetlik tásirge ushıraǵan kórinislerin sáwlelendiredi.

Tariyxıy shaxs Shıńǵısxan haqqındaǵı ańızlarda da ápsanawiy motivler keń orın alǵan. Ol ápiwayı adam sıpatında 1155-jılı tuwılǵan. Esugey bahadırdıń tórt balasınıń biri. Dáslep oǵan Temuchjin degen at qoyılǵan. Bul atama eski mongol tilinde temirshi degen kásiplik atamanı ańlatqan. Ol balalıq dáwirinde aq jawızlıq

háreketlerge ıqlas qoyıp óspirimlik waqtında inisi Xasar menen birigip ekewi tuwısqan taǵı bir inisi Bekterdi oq jay menen atıp óltirip, denesin qula dalaǵa taslap ketedi. Onıń basıp alıwshılıq atlanısları 1178-jılda Merkitlerge bolǵan urıs saparınan baslanadı. Ol shama menen 1180-jılı 25 jasında xan dárejesine kóterilgen hám sol waqıtları Shıńǵısxan titulına iye bolǵan. Ol haqıyqıy basıp alıwshılıq háreketlerin 1206-jılı baslaydı. 1227-jılı dún`yadan ótedi [Kıchanov E.I:6:45-46].

Qaraqalpaq hám qazaq fol`klorında ápsanalıq mazmun alǵan ańızlarında Shıńǵısxan áynegi joq jayda saqlanatuǵın Altın xannıń qızı (Arıwxan) nan kúnnen báhrá alıp tuwılǵan perzenti yamasa aqlıǵı bolıp táriyiplenedi. Ańızdıń barlıq variantlarında da Arıwxan kúnnen nekesiz júkli bolǵannan soń ákesiniń buyrıǵı menen arnawlı sandıqqa salıp dár`yaǵa ıǵızılıp jiberiledi. Onı Tamawıl menen Shaban (Tomaǵul menen Shaban kór) kórip jaǵaǵa shıǵarıp bolǵansoń biri sandıqtıń ishindegi buyımǵa (Tomaǵul), biri sırtqı sandıqqa (Shaban) iyelik etiwge klisedi. Biraq bul turaqlı motiv emes. Ańızlarda sandıqtıń ishindegi qızǵa geyde Tomaul, geyde Shaban kól úylenedi dep almastırılıp aytıla beredi. Biraq, Arıwxan kún nurınan payda bolǵan balasın tuwǵannan keyin solardıń birinen Badan tay (Bógentay), Búrgitay (Bórgentay) degen eki ullı bolatuǵın motiv turaqlı saqlanǵan. Ákesi basqa, ógey bala inileri menen ońısa almay dár`yanı órlep alıs jaqlarǵa shıǵınıp ketedi. Eldiń xanı ólgennen keyin xan saylaw waqtında (Tomawıldan) bolǵan ballar xan bolıw huqıqına iye emes edi. Arıwxannıń másláháti menen Mayqı biy qırıq jigitti izine ertip Shıńǵıstı izlep ketedi. Onı tawıp ákelip xan kóteredi. Ańızdıń «Shejire» variantında Arıwxan kúnnen bolǵan balasınıń atın Kúnes qoyadı. Kúnes er jetkennen keyin Almalı kóriklige úylenip xan dárejesine kóteriledi. Bulardıń nekesinen Shıńǵıs tuwıladı [C.Bahadırova.,Q.Mámbetnazarov: 2-41]. Bul epikalıq maǵlıwmatlar Berdaqtıń «Shejire» sinde poetikalıq usılda keńirek berilgen. Ańız waqıyaları tolıq qaytalanadı. Onda Shıńǵıstıń anası Arıwxan emes, Almalı kórikli dep berilgen. [Berdaq: 1: 277]. Usıǵan qaraǵanda ańız qaraqalpaqlar arasında uzaq waqıtlardan beri belgili bolıp, ayırım ózgesheliklerdi esapqa almaǵanda turaqlı mazmunǵa iye bolǵan dep aytıwǵa boladı. Ańızdaǵı tiykarǵı motiv Shıńǵısxannıń kún (quyash) perzenti ekenligi ápsanawiy mazmunǵa iye, ertedegi massagetlerdiń kúnge sıyınıw dástúrlerin esletedi. Demek, ańız detalları burınnan aytılıp kiyatırǵan xalıqlıq syujetler menen bayıtılǵan degen túsinik kelip shıǵadı. Akademik M.Nurmuxammedov usı máselede bılay degen edi: «Bul ańız túrk-monǵol xalıqlarında Shıńǵısxan tuwılmastan burında aytılıp júrgen edi dep shamalawǵa múmkinshilik beredi. Keyin Shıńǵısxannıń tárepdarları óz kóseminiń dańqın arttırıw ushın bul motivlerdi ózlestirgen»

[Nurmuxamedov M.K: 3:23]. Ayırım izertlewshiler Shıńǵıstıń ideallastırılıw jaǵdayların «kóshpeli syujetler» diń tásiri dep bahalaydı.

Qaraqalpaq hám qazaq ańızların Qorqıt, Asan Qayǵı, Aldar Kóse siyaqlı tariyxıy adamlar tuwralı ańızlar orın alǵan. Ańızlar tariyxta bolǵan belgili bir adamnıń atına is háreketlerine, kórsetken erliklerine baylanıslı dóretiledi. Bunday adamlardıń el ushın etken erligi, ǵamqorlıǵı, xalıq namısın qorǵawı, sol jolda islegen iygilikli is-háreketleri xalıq awzında ańız áńgimege aylanıp áwladtan áwladqa jetip kelgen.

Qaraqalpaq hám qazaq xalqı arasında Asan qayǵı haqqında, onıń geybir minez-qulıqların táriypleytuǵın, eline jan ashırlıq sezimlerin bildiretuǵın ańız-áńgimeler saqlanǵan. Onıń jel mayaǵa minip «jer uyıqtı» izlew motivi xalqın ata jurtına qaytarıw, «adamlardı júzge kelmey ólmegen, malları eki ret tólleytuǵın, qoy ústinde boz torǵay jumırtqalaytuǵın» abat mákandı izlewinen ibarat bolıp, «Jiydeli Baysın» haqqındaǵı xalıqlıq túsinikler menen ushlasadı. Ol xan aldında qaytpay, biy aldında búgilmey óz pikirin ayta alatuǵın bolǵan. Xalıqtıń xanǵa kózqarasların anıq aytıwǵa Asannıń batıllıǵı, ótkir sózligi tiykar bolǵan.

Xalıq arasında aytılıp júrgen ańızlardan Asan qayǵı haqqındaǵı ańızlar eki xalıq folklorında keń taralǵan. Bul jóninde qazaq iliminde alım G.Potanin Asan tuwralı ańızlarǵa kewil awdarıp, kóshpeliler filosofı tuwralı eki ańız nusqasın jazıp alǵan. Bul ańızlar XIX ásirdiń aqırlarında qazaq xalqınınıń qoǵamdıq-áleumettik oy-pikirin oyatıwǵa úles qosqan «Dala wálayatınıń gazetasında» jariyalaydı. XX ásirdiń basında Asan Qayǵı atına baylanıslı dereklerge názer awdarılıp izertlew jumısları júrgizile baslaydı.

Asan qayǵı haqqındaǵı ańızlardı izertlegen alımlar Sh.Walixanov, G.Potanin, X.Dosmuxammedov, M.Awezov, E.Ismailov, M.Ǵabdullin, Á.Marǵulan, Á.Qońıratbaev, S.Qasqabasov h.b alımlar úles qosqan. Alım G.Potanin Asan qayǵı haqqındaǵı ańızlarǵa kewil awdarıp bul ańızlar XIX ásirdiń aqırlarında xalıqtıń ishinde ol haqqında pikir oyatıw ushın «Dala walayatı» gazetansıda járiyalaydı. XX ásirdiń baslarında ol háqqında ilimiy jumıslar alıp barıladı. Asan Qayǵı dep atalıwınıń sebebi de xalıqtıń ǵamın jep, eldegi orınsız ózgesheliklerge narazılıq tuyǵıların ayta biliw daralıǵı menen baylanıslı kelip shıqqan. Onıń jel mayaǵa minip «jer uyıqtı» izlew motivi xalqın ata jurtına qaytarıw, «adamları júzge kelmey ólmegen, malları eki ret tólleytuǵın, qoy ústinde boz torǵay jumırtqalaytuǵın» abat mákandı izlewinen ibarat bolıp, «Jiydeli Baysın» haqqındaǵı xalıqlıq túsinikler menen ushlasadı. Ol «xan aldında qaytpay, biy aldında búgilmey óz pikirin ayta

alatuǵın shayır bolǵan» [K.Mámbetov: 5:186]. Ańızlardıń birinde Asan qayǵını Jánibek xan toyına shaqırtılǵanlıǵı, oǵan Asannıń barmaǵanlıǵı aytıladı. Xan aqılgóyleri menen oylasıp, medrese saldırıp toy beredi. Soń 60 jasqa tolǵanda úylenip toy beredi, úshinshi ret quw menen quladin qustı shaǵlıstırıp onıń palapanlaǵanı ushında toy beredi. Bul úsh toyǵada mirát etilgen Asan barmaydı. Nege toyǵa kelmediń degen xannıń sorawına «Aqılsız toy bolǵanı ushın kelmedim»,- dep juwap beredi. [C.Bahadırova.,Q.Mámbetnazarov: 2-138]. Ańız isi erikken xannıń ne bolsa sonı bánelep toy bere beretuǵın ersi háreketlerin áshkaralawǵa qaratılǵan. Xalıqtıń xanǵa kóz qarasların anıq aytıwǵa Asannıń batıllıǵı, ótkir sózligi tiykar bolǵan.

**Ádebiyatlar dizimi**

1. Berdaq. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis., «Qaraqalpaqstan»,1987.,277-286-bb
2. C.Bahadırova.,Q.Mámbetnazarov. Qaraqalpaq ańızları, ápsanaları hám sheshenlik sózleri. Nókis., «Qaraqalpaqstan», 1992.,41-45-bb
3. Nurmuxamedov M.K.Skazki A.S.Pushkina i fol`klor narodov Sredney Azii. Tashkent., «Fan»,1983.,23-b
4. N.M.Mallaevtıń Wzbek adabiyoti tarixi. (Toshkent, «Wqituvchi», 1965) kitabınan alındı. 53-b
5. K.Mámbetov. Erte dáwirdegi qaraqalpaq ádebiyatı, Nókis, «Bilim»,1992,186-b
6. Kıchanov E.I. Jizn` Timuchjina, dumavshego pokorit` mir., M., «Nauka»,1973., 10-29- 45-46-bb
7. Qaraqalpaqstan tariyxı. Nókis., «Qaraqalpaqstan»,1975.,99-b
8. Sherbak A.M. Oguzname. Muxabbat name, M., «Vostochnıy literaturı», 1959., 12-b